


BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif digunakeun pikeun néangan ma'na nu sabenerna tina hiji data (Sugiyono, 2019, kc. 9). Anapon tujuan ahir tina panalungtikan kualitatif téh pikeun maham atawa meunangkeun pamahaman ngeunaan hiji pasualan nu diangkat pikeun ditalungtik (Saleh, 2019, kc. 10). Dina ieu panalungtikan, pamarekan kualitatif métodde deskriptif téh digunakeun pikeun ngadeskripsikeun eusi tina rubrik “Kolom” dina majalah *Manglé* dumasar kana katangtuan analisis wacana kritis moder Roger Fowler nu museur dina ulikan unsur tatabasana.

Anapon desain atawa runtuyan nu dilakonan dina ieu panalungtikan diwincik jadi sababaraha léngkah nyaéta (1) nangtukeun heula pasualan nu ditalungtik, (2) ngumpulkeun data ku cara studi pustaka kalawan ngagunakeun instrumen nu mangrupa kartu data digital pikeun ngumpulkeun informasi, (3) data nu kakumpul dianalisis ngagunakeun pamarekan Roger Fowler nu museurkeun analisisna dina unsur tatabasa, (4) ngadéskripsikeun hasil analisis anu ngawengku pedaran tina analisis wacana kritis Roger Fowler, jeung (5) nyieun kacindekan. Sacara sistematis desain panalungtikan digambarkeun dina gambar di handap.



Bagan 3 1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Anapon data dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah-kalimah dina téks rubrik “Kolom” majalah *Manglé*. Sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta data tatabasa nu aya dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* nu medal taun 2018. Majalah nu medal dina taun 2018 téh aya 48 édisi, ngan teu sakabéh wacana nu aya dina *Manglé* nu medal téh dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan, ku sabab aya sababaraha *Manglé* nu teu boga rubrik kolom. Ku kituna, wacana nu jadi sumber

Luthfi Valantika Sy, 2024

ADEGAN TÉKSTUAL DINA RUBRIK “KOLOM MAJALAH MANGLÉ (Ulikan Tatabasa Modél Roger Fowler)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

data dina ieu panalungtikan ditangtukeun tujuh kolom majalah *Manglé* nu medal dina taun 2018 saperti nu ditabélkeun di handap.

Tabel 3 1

Data Panalungtikan Rubrik “Kolom” Majalah *Manglé* taun 2018

No.	Judul Wacana	Édisi Midang	Panulis
1.	Ngaraya	No. 2685 28 Juli – 4 Juli 2018	Ino Misno
2.	Capétang	No. 2686 5 – 11 Juli 2018	Ensa Wiarna
3.	Piala Dunya jeung Pulitik	No. 2688 19 – 25 Juli 2018	Deden Ramdan
4.	Tatali Kawargian Nguatan Sunda di Lemburna	No. 2696 13 – 19 September 2018	Ensa Wiarna
5.	Nebar Pangbibita	No. 2701 18 – 24 Oktober 2018	Ensa Wiarna
6.	Warisan	No. 2708 6 – 12 Desember 2018	Ensa Wiarna
7.	Nonoman Bobotoh Persib	No. 2709 13 – 19 Desember 2018	Yadi Karyadipura

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka dipaké pikeun ngumpulkeun data-data nu mangrupa kalimah-kalimah tina téks nu aya dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé*. Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun sumber data panalungtikan.
- 2) Maca kalawan gemet sumber data dina téks rubrik “Kolom” Majalah *Manglé*.
- 3) Nyirian kalimah-kalimah transitif, intransitif, jeung rélasional.
- 4) Nyalin data atawa kalimah-kalimah kana kartu data digital.
- 5) Ngaruntuykeun sacara alfabétis jeung méré nomor kode.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Dina unggal panalungtikan, dibutuhkeun alat pikeun medar ngeunaan pasualan-pasualan nu aya dina hiji panalungtikan, ieu alat téh disebut alat instrumen panalungtikan. Intrumén panalungtikan nyaéta pakakas pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan variabel sacara objéktif (Hadjar, dina Hardani spk., 2022, kc.

384). Anapon dina ieu panalungtikan digunakeun dua istrumén nu kahiji instrumén pikeun ngumpulkeun data, nu kadua instrumén pikeun ngolah data.

3.4.1. Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén nu dipaké pikeun nyangking sagala informasi nu dibutuhkeun pikeun ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun kartu data digital nu disusun dina wangun tabél.

Tabel 3 2
Kartu Data Digital Tata Basa

No.	Data Kalimah	Kode Data

Dina ngolah data, ieu panalungtikan ngagunakeun kode data sangkan leuwih gampang dina nyirian sakabéh data nu kapanggih. Anapon kode data nu dipaké dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

(M2664/C/Kaca/Alinea/Kalimah)

Keterangan :

() : Nudungkeun majalah *Manglé* nomor édisi/singgetan judul wacana/kaca téks “Kolom”/Alinéa ka-/Kalimah ka- dina data nu kapanggih pikeun dianalisis.

3.4.2. Intrumén Ngolah Data

Data nu geus dianalisis dina kartu data digital, tuluy sakabéh data diwilah-wilah deui dumasar kana wangun transitif, wangun intransitif jeung wangun rélasional tur diasupkeun kana instrumen pikeun ngolah data. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap mangrupa tabél anu digunakeun pikeun milah data.

Tabel 3 3
Kartu Data Wangun Transitif

No.	No. Data	Data Kalimah	Kode Data

Tabel 3 4
Kartu Data Wangun Intransitif

No.	No. Data	Data Kalimah	Kode Data

Tabel 3 5
Kartu Data Wangun Rélasional

No.	No. Data	Data Kalimah	Kode Data

3.5 Téhnik Ngolah Data

Ngolah data nyaéta salaku prosés pikeun nyusun, milah-milah jeung ngokolakeun data kana hiji susunan nu sistematis jeung boga ma'na (Ibrahim, dina Saleh, 2019, kc. 74). Anapon dina ngolah data aya tilu alur kagiatan nyaéta réduksi data, medar data, jeung nyieun kacindekan (B. Milles & Huberman 2014 dina Saleh, 2019, kc. 95).

1) Reduksi Data (*Data Reduction*)

Ngaréduksi data boga harti ngaringkes, milah-milah hal pokok, ngafokuskeun kana hal-hal nu penting, diguar ngeunaan téma jeung polana (Sugiyono, 2019, kc. 247). Réduksi data dina ieu panalungtikan téh nyaéta data nu geus dipiboga tina wacana, dianalisis maké pamarekan Roger Fowler.

2) Pedaran Data (*Display Data*)

Sabada data téh dipilah-pilah tuluy data nu geus rapih téh dipedar sacara sistematis. Pedaran data dina panalungtikan kualitatif dipedar dina wangun uraian singget, bagan, hubungan atar katégori, flowchart, jsté. (Sugiyono, 2019, kc. 249). Milles & Huberman (dina Saleh, 2019, kc. 118) nétélakeun yén pedaran data nu sering dipaké dina medar panalungtikan kualitatif nyaéta ngagunakeun téks nu sifatna naratif kalawan data nu ditalungtik téh ditembongkeun.

3) Nyieun Kacindekan (*Concluding Drawing Verivication*)

Léngkah anu katilu atawa pamungkas nyaéta nyieun kacindekan. Dina kacindekan, ngajéntrékeun jeung ngawajib rumusan masalah nu geus dirumuskeun ti mimiti nu mangrupa gambaran ngeunaan objék nu ditalungtik.

Kalawan wincik, léngkah-léngkah dina ngolah data ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) niténan deui data kalimah nu geus dikumpulkeun;
- 2) nyieun papasingan data kalimah dumasar kana wangun transitif, intransitif jeung rélasional;
- 3) nganalisis data dumasar kana wangun transitif, intransitif jeung rélasional;
- 4) ngadéskripsikeun data dumasar kana wangun transitif, intransitif jeung rélasional;
- 5) napsirkeun data kalimah dumasar kana wangun transitif, intransitif jeung rélasional tur kahasanana; jeung
- 6) nyieun kacindekan tina hasil analisis kalimah dumasar kana wangun transitif, intransitif jeung rélasional.